

**Prezidan
Henry B. Eyring**
Premye Konseye nan
Premye Prezidans lan



Pwofesi ak Revelasyon Pèsonèl

Vrè Legliz Jezikri a te retabli epi li sou tè a jodia. Legliz Jezikri pou Sen Dènnye Jou yo te toujou dirije pa pwofèt ak apòt vivan, ki resevwa oryantasyon konstan ki soti nan syèl la.

Chema diven sa a te egziste nan tan ansyen tou. Nou aprann nan Bib la: “Konsa tou, ou mèt sèten, Senyè a pap janm fè anyen san li pa fè pwofèt yo, moun k ap sèvi l yo, konnen” (Amòs 3:7).

Bondye pale ankò nan epòk nou an, palentèmedyè Pwofèt Joseph Smith. Palentèmedyè Pwofèt Joseph Smith, li revele levanjil Jezikri a nan plenitid li. Li retabli prèttriz sakre l la avèk kle l yo ak tout dwa, pouvwa, ak fonksyon pouvwa sakre prèttriz la.

Nan epòk nou an, pwofèt ak apot vivan yo otorize pou yo pale, ansenye, epi dirije avèk otorite ki soti nan men Bondye Papa a ak Senyè a Jezikri. Sovè a te di Pwofèt la “Sa mwen menm Senyè a m te di a, m te di l, m pa mande eskiz; epi menm si syèl yo ak tè a pase, pawòl mwen yo p ap pase, men yo tout pral akonpli kit se avèk pwòp vwa pa m oubyen avèk vwa sèvitè m yo, se menm bagay la” (D&A 1:38)

De fwa pa ane nan konferans jeneral, nou beni avèk opòtinite pou nou tande pawòl Senyè a pou nou nan men sèvitè L yo. Sa se yon privilèj san pri. Men valè opòtinite sa a depann sou si nou resevwa pawòl sa yo sou enfliyans menm Lespri a ki te bay sèvitè sa yo pawòl sa yo (gade D&A 50:19-22). Menm jan yo resevwa gidans soti nan syèl

la, se konsa nou dwe fè tou. Epi sa mande pou nou fè menm efò espiyèl la.

“Fè Devwa Nou”

Sa gen kèk ane yon manm nan Kolèj Douz Apot yo te mande m pou m te li yon diskou konferans li t ap prepare pou konferans jeneral. M te yon nouvo manm nan kolèj la. M te santi m onore dèske l te gen konfyans ke m te ka ede l jwenn pawòl Senyè a ta vle li pale yo. Li te souri lè li te di m: “O, sa a se venndezyèm bwouyon diskou a.”

M te sonje konsèy yon Prezidan Harold B. Lee (1899–1973) janti ak eman te ban mwen avèk gwo ensistans anvan sa. “Hal, si w vle jwenn revelasyon, fè devwa w.”

M te li, medite, epi priye sou venndezyèm bwouyon sa a. M te etidye l osibyen m te kapab sou enfliyans Sentepri a. Rive nan moman pou manm kolèj sa a te fè diskou l la, m te fin fè devwa mwen. M pa sèten m te ede, men m konnen m te chanje lè m te tande diskou li a. Mesaj ki te vin nan lespri m yo te depase pawòl yo m te li yo ke l te pale yo. Pawòl yo te gen plis siyifikasyon pase sa m te li yo nan bwouyon an. Epi mesaj la te sanble li te fèt espesifikman pou mwen menm, e li te apwopriye pou bezwen mwen.

Sèvitè Bondye yo jene e priye pou yo resevwa mesaj Li genyen pou bay moun ki bezwen revelasyon ak enspirasyon yo. Sa m te aprann apati eksperyans sa a, ak anpil lòt ki menm jan avèk li, sèke, pou nou jwenn gwo benefis ki

disponib lè nou tande pwofèt ak apot vivan yo, nou dwe peye pri pou n resevwa revelasyon an poukont nou.

Senyè a renmen chak moun ki ka tande mesaj Li a, epi Li konnen kè ak sikonstans chak ladan yo. Li konnen ki koreksyon, ki ankourajman, ak ki verite levanjil ki pral pi byen ede chak moun pou yo chwazi wout yo sou chemen lavi etènèl la.

Nou menm ki tande e ki gade mesaj jeneral konferans general yo konn pafwa panse nan aprè: “Kisa m sonje plis?” Espwa Senyè a pou chak nan nou se pou repons nou an tankou sa a: “M p ap janm bliye moman kote m te santi vwa Lespri a nan lespri m ak nan kè m ki t ap di m sa m te ka fè pou m te fè Pè Selès mwen an ak Sovè a plezi.”

Nou ka resevwa revelasyon pèsònèl lè nou tande pwofèt ak apot yo epi pandan n ap travay ak lafwa pou resevwa li, menmjan Prezidan Lee te di nou dwe fè a. M konnen sa vre apati eksperyans pa m epi gras ak temwayaj Lespri a.

ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

Konsidere pou w li istwa Prezidan Eyring apwopo lè l te etidye bwouyon diskou konferans manm kolèj li a awotvwa. Ou gen dwa mande: “Ki pri pou resevwa revelasyon?” Aprè diskisyon w lan, ou ka envite moun w ap vizite yo pou yo medite epi aplike yon plan pou resevwa mesaj yo pou konferans jeneral k ap vini an “sou enfliyans menm Lespri ki te bay sèvitè [Bondye] sa yo pawòl sa yo.”

JÈN YO

Pè Selès la te Pale avèk Mwen nan yon Diskou Konferans

Anne Laleska Alves de Souza

Mt ap poze tèt mwen kesyon sou sa m ta dwe etidye nan inivèsite. Anpil moun te di move pawòl sou klas m te anvi pran an, konsa m te priye Senyè a pou m te ka wè si L te dakò avèk desizyon m nan.

M te resevwa repons priyè m nan jou apre a pandan m t ap li yon diskou konferans jeneral nan *Liahona*. M te santi kòm si Pè Selès la t ap di m Li pa t ka chwazi pou mwen—sa se te yon desizyon m t ap bezwen pran poukont mwen. M te konnen ke kèlkeswa sa m te chwazi a, m t ap gen pou m travay di pou m te ka reyisi li.


M konnen priyè m nan te jwenn repons. Konfirmasyon Sentespri a te ede m pran yon desizyon. M te aprann pou m fè tout sa m kapab epi m konnen Pè Selès la ap ede m.

Otè a ap viv nan Sergipe, Brezil.

TIMOUN

Swiv Pwofèt la

Pwofèt yo ak apot yo pale pou Pè Selès la ak Jezikri. Yo anseye nou kòman pou n swiv Jezi. Ki kèk bagay pwofèt la ak apot yo te mande nou pou nou fè?



Lafwa, Fanmi, Sekou

Pitit Fi Papa Etènèl nou an

Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Kòman konpreyansyon sou “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou Mond lan” ogmante lafwa w nan Bondye ak beni moun n ap veje sou yo atravè vizit nan fwaje yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan reliefsociety.lds.org.

Ekriti yo anseye nou ke “nou se pitit Bondye” Travay 17:29. Bondye te fè referans ak Emma Smith, madam Pwofèt Joseph Smith, kòm “pitit fi mwen” (D&A. 25:1). Pwoklamasyon sou fanmi an anseye nou ke nou chak se “yon pitit fi les-pri byenneme . . . ki soti nan paran selès.”¹

Carole M. Stephens, premyè konseyè nan prezidans jeneral Sosyete Sekou a, te di: “Nan domèn [premyè tèt la], nou te aprann sou idantite etènèl nou.”

“Vwayaj nou nan mòtalite a pa chanje verite sa yo.”²

Eldè Jeffrey R. Holland nan Kolèj Douz Apot yo, te di: “Papa w ki nan Syèl la konnen non ou epi Li konnen sityasyon ou.” “Li tandè priyè w yo. Li konnen espwa w ak rèv ou, enkli laperèz ou ak fristrasyon w yo tou.”³

Sè Stephens di: “Nou chak fè pati fanmi Bondye epi fanmi sa a bezwen nou.” “Chak fanmi terès parèt diferan. Epi pandan n ap fè tout sa nou kapab pou nou fonde fanmi tradisyonèl ki solid, apate-nans nou nan fanmi Bondye a pa

depann sou okenn lòt relasyon ni okenn lòt kondisyon—tankou kondisyon marital, kondisyon parantal, kondisyon finansye, kondisyon sosyal, ni menm ki kalite bagay nou publiye nan medya sosyal.”⁴

Ekriti adisyonèl

Jeremi 1:5; Women 8:16;
Doktrin ak Alyans 76:23–24

Nan Istwa Nou

Nan resi Premye Vizyon li a,⁵ Pwofèt Joseph Smith verifè anpil verite—ladan yo gen verite ke Pè Selès nou an konnen non nou.

Jèn Joseph te gen difikilte pou l te konnen nan ki legliz pou l te antre e li te resevwa oryantasyon nan Jak 1:5. Joseph te decide ke li ta dwe mande Bondye.

Yon maten pandan sezon prentan ane 1820 an, li te ale nan boskè a pou l priye, men yon pouvwa tenèb te anvayi l imedyatman. Konsènan sa li te ekri:

“Imedyatman nan moman gwo detrès sa a, m te wè yon kolòn limyè ki te egzaktman anlè tèt mwen, ki te pi klere pase solèy la,

epi ki te desann tikras pa tikras jistan l te tonbe sou mwen.

”Sa pa t pran anpil tan pou m te wè m delivre anba ènmi ki te mare m nan. Lè limyè a te repoze sou mwen, m te wè de pèsonaj, ekla yo ak laglwa yo te depase tout deskripsyon, ki te kanpe sispanndi anlè devan mwen. Youn ladan yo te pale avèk mwen, li te site non mwen, epi l te di, pandan l te lonje dwèt li sou lòt la—*Se Pitit Gason Byenneme m nan. Koute!*” Joseph Smith—Istwa 1:16–17.

NÒT

1. “Fanmi: Yon Pwoklamasyon pou mond lan,” *Liahona*, Nov. 2010, 129.
2. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” *Liahona*, 11 Me 2015.
3. Jeffrey R. Holland, “To Young Women,” *Liahona*, Nov. 2005, 28.
4. Carole M. Stephens, “The Family Is of God,” 11.
5. Gade Sijè Levanjil yo, “Resi Premye Vizyon yo,” topics.lds.org

Panse Sou Sa

Kòman konesans ke ou se pitit yon fi Bondye a afekte desizyon w yo?